

CALLED BY NAME
LI RELE-W PA NON-W
Bulletin Announcements

KREYÒL

7-8 Janvyè 2012 – CALLED BY NAME/*LI RELE-W PA NON-W*, yon pwogram pou ankouraje vokasyon pou fè pè ak lavi konsakre va konmanse nan pawas nou pwochen fen semenn. Lapriyè pou vokasyon. Detay dimanch pwochen.

14-15 Janvyè 2012 – Tout pawas nan Dyosèz Brooklyn ap patisipe nan CALLED BY NAME/*LI RELE-W PA NON-W*, yon pwogram pran konsyans vokasyon k-ap konmanse fen semenn sa. Pwogram sa ofri yon opòtinite pou nou pou lapriyè pou vokasyon; pou rekonèt kado ak potansyèl pou lidèchip e sèvis kay manm pawas nou; e finalman pou envite ak ankouraje manm sila yo pou pataje kado yon an fè pè ak lavi konsakre. Petèt ou konnen yon gason ou fi (laj ‘high school’ ou pi gran) ki ta, nan opinyon-w gen kalite pou vin pè, mè, ou frè. Tanpri rekonmande moun san an ranpli kat repons w-ap jwenn nan legliz la. Pwochen fen semen, mete kat ou ranpli-a nan panye kèt la.

21-22 Janvyè 2012 – RAPÈL : Jodi-a. Mete kat repons CALLED BY NAME/*LI RELE-W PA NON-W* nan panye kèt la ou pote-l nan presbitè-a. Kontinye lapriyè pou siksè pwogram sila nan pawas nou ak dyosèz nou, espesyalman pandan semen sila yo kote n-ap lapriyè pou vokasyon.

28-29 janvyè 2012 – DÈNYE CHANS: Jodi-a, mete kat repons CALLED BY NAME/*LI RELE-W PA NON-W* nan panye kèt-la ou pote-l nan presbitè-a. Tanpri kontinye lapriyè pou vokasyon pou fè pè ak lavi konsakre. Sonje nan lapriyè gason ak fi pawas nou sila yo non yo rekonmande, pou yo ka apresye kado Bondye ba yo e reponn a apèl Kris.